

**RUWARE PRIMARY SCHOOL**  
**GRADE 7 TERM 1 EXAMINATIONS 2019**

**SHONA PAPER**  
**PAPER 2**

**MARCH 2019**

**Time: 1 hour 45 min**

**MIRAIRO KUVANYORI**

1. Verenga mitemo yebvunzo usati wanyora.
2. **Usavhura** bepa rebvunzo usati wapiwa mvumo.
3. Shandisa chinyoreso che**blue** kan **black** pane zvose zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo.
4. Nyora Zita rechikoro chako, Zita rako nenhamba yako yebvunzo pabepa rega rega rokupindura.
5. Pindura mibvunzo nechishona chakanaka pabepa rekupindura mibvunzo.
6. Unotarisirwa kutora awa rimwe chete (1 hour) pachikamu chekutanga, uye maminiti makumi matatu (30 minutes) pachikamu chepiri.
7. Pindura mubvunzo **mumwe A** kana **B** pachikamu chekutanga, ugopindura yose pachikamu chepiri.
8. Kana ukashandisa mapepa maviri kana akawanda emhinduro, wakafanirwa kuasunganidza pamwe chete.
9. Kana **usina kunzwisisa mirairo** iyi **bvunza** mudzidzisi akutsanangurire usati watanga

---

**This question paper comprises 3 printed pages.**

*Copyright: RUWARE SCHOOL Education Section 2019*

## **CHIKAMU CHOKUTANGA (Rondedzero -20 marks)**

### **Sarudza musoro mumwechete ugonyora pamusoro pawo**

1. Nyora tsamba kuna kanzura wenzvimbo yenyu uchimutsanagurira nezvematambudiko amunosangana nawo munzvimbo yenyu uye zvingaitwe kugadzirisa matambudziko acho.
2. Nyora rondedzero uchitsanangura kukosha kwakaita vabereki mukurarama kwako.
3. Nyora rondedzero pamusoro pemutambo wakaitwa pachikoro penyu wakakunakidza.
4. Nyora nhaurirano pamusoro peshamwari iri kunyaradza mumwe wake akashaikirwa nevabereki mutsaona.
5. Nyora rondedzero uchitsanangura kushanya kwawakamboita kune imwe yenzvimbo.

## **CHIKAMU CHEPIRI (Nzwisiso-10 marks)**

### **Verenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo.**

Regai vakuru vakati, "Gavi rakabva kumasvuuro." Vaiziva baba vake vaiti vaive vakatodzana zvomene pachiso. Vaitizve kutodzana kwevaviri ava kwaisanganisirawo tsika nemagariro avo. Vaiziva baba vaChinotomba vaiti vaive nyanzvi yekutora huku dzevanhu muzvirugwi munguva dzamanheru. Vaitizve kana twakakwidza vaiita huku dzekuredza nechirauro kunge hove zuva rakacheka nyika. VaMutochinwa vaitonzi vaive neshavi raitobikirwa doro. Nekudaro hazvina kunyanyoshamisa vazhinji pavakaona mwana otevera matsimba ababa vake. Vaiona vaingoti komwana ndiye aigozvidini?

1. Mwana ataurwa mundima ainzi ani? [1]
2. Mwana aive akafanana nababa vake pachii? [1]
3. VaMutochinwa vaive nembiri yei? [1]
4. Chii chinoredzwa nechirauro? [1]
5. Zvinorevei kuti, mwana akange otevera matsimba ababa vake? [2]
6. Nderipi rimwe izwi rinoreva zvakafanana nakutodzana semashandisirwo araitwa mundima? [1]
7. VaMutochinwa vaiba huku muzvirugwi nguvai? [1]
8. Kutu zuva rakacheka nyika zvinoreva nguva ipi? [1]
9. Kutu shavi ripembedzwe rinoitwa sei? [1]